ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэмкIэ дыныВохъуэхъу!

Медведев Дмитрий и къулыкъум пэрохьэ

Медведев Дмитрий Урысей Федерацэм и Президент къулыкъум дыгъуасэ официальнэу пэрыхьащ.

АБы ТЕУХУА гуфIэгъуэ зэIуцIэр щыIэзэхэтащ Кремль Уардэуэнэм и Андреевскэ пэшым. Президент дамыгъэр - Георгиевскэ жорыщхуэр зэщIыгъу дыщэ пэрыпсыр Путин Владимир Медведевым иритащ. Абы Урысейм и цIыхуэхэр къыхуриджащ Президенту теувэр даIыгъыну.

Медведев Дмитрий Путиным фIыщIэ хуищIри, УФ-м и Конституцэм и Iэр тельу тхьэрыIуэ итащ.

ГуфIэгъуэ зэхьихьэм хьэщIэ мини 2,5-м нэблагъэ ирагъэблагъат. Ягъэ щIыкIэ къэрэгъулым Урысей Федерацэм и Къэрал ныпымрэ Президент штандартымрэ, иужькIэ Урысейм и Конституцэмрэ президент дамыгъэмрэ къыщIихьащ. Ахэр Георгиевскэ пэшышхуэмрэ Александровскэ пэшымрэ кIуэцIрахри, Андреевскэм щагъэуву лъагапIэ щыхэхуэм трапльхьащ. ЛъагапIэм дэкIуейщ ФедерацэмкIэСоветым. Къэрал Думэм, Конституцэ Судым я унафэщIхэу Миронов Сергей, Грызлов Борис, Зорькин Валерий сымэ. Дакъикъэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу абыхэм Путин Владимирэ Медведев Дмитриирэ яхьихащ.

Президенту зэрыщыта зэманым и лэжьыгъэр зыхуэдар зэхилъхьэжу Путин Владимир зэхуэсахэм я пащхьэм кIэщIу къыщыпсэльащ.

«Илъэси 8 и пэкIэ, Урысейм и Президентым и тхьэрыIуэр япэу щыстым, къыпэн зыщыщIыжкуэу щытащ зэIухуэр, пэжу сылэжьэну, цIыхубэмрэ къэралымрэ я сэбэн зыхэлъхэр хэкъуэдуэ пхызгъэкIыну. ИкIи абы сепцIыжакъым. Бэм и дзыхьым шэсхIпIэ хуэхъуэр власти и кьабзагъэмрэ ар и псальэм зэрыстемырэ арауэ зэрыщытыр хьэкъыу спхыкIащ. Нобэ, си къулыкъым сыщыстекIым, вжесIэну сыхуейт: си дежкIэ граждан къалэн нэхъыщхьэу щытари щытынури Урысей къэралыгъуэр хъумэнырщ. Абы сытетащ, игъащIэкIэ сыыгтелэжьэнури зращ. Хэхъуэ хьыкIэгъэуащ сыхуейт. Iыпэкъ куэду зэхэт, дин зэмылIэужьыгъуэхэр щызэрахьэ Урысей къэралыщхьэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэщ ди зэкъуэтыныгъэр хъумэным, гъэбыдэным. Илъэси 8-м и кIуэцIкIэ си Iуэхуэр къызэрыдэфIыгъам папщIэ фIыщIхьэу фхуэощI. Нобэ ди мурадхэмрэ ди къалэнхэмрэ зытетщIыхьыр мазэкъым, мазиткъым, атIэ ильэс 20-30-кIэ зэфIэдгъэкIынухэр доубзыкъ. Абыхэм даззрыпэльэщыным шэч кIыхьтесхьэркъым.

Къэрал властым и дамыгъэхэр Медведев Дмитрий есткIэрэ, абы сохъуэжу Урысей Федерацэм и президент къулыкъум ехьулIэныгъэ щIэну», - жиIащ Путиным.

Урысей Федерацэм и Конституцэм и 2-нэ статьям и япэ Iыхьэм ипкъ иткIэ, Медведев ДмитрийЗакон НэхъыщхьэмкIэкъыззригъэувыным тету тхьэрыIуэр итащ.

Къэралым и Гимнэр кьеуа нэужь, Президентыщ Iэр зэIущIэм къыщыпсэльащ. «Урысейм и цIыхуэхэу пщIэ зыхуащIхэ! НыбжьыкIэу пIащIэхэ!

Иджыпсту дыдэ тхьэрыIуэ ста къудейщ. Абы и япэ псалъэхэр зыхуэгъэзар цIыхум и пщIэр, и куитынрэ зэхэр хъумэным техуэу къалэнхэрщ. Ахэрщ ди жьыгъуэм и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэри, къэралым и IуэхущIафэ псоми я мыхьэнэр къызэральытэри. Абы кIыхьэкIыу, граждан, экономикэ хуитынигъэхэм зегъэужьыныр, цIыхуэхэм я зэфIэкIыр лъэныкъуэ псомкIи къагъэзэбгъэфын папщIэ щытыкIэ тэмэм къаухуэгъэпэщыныр гъэтIылъапIэ зимыIэ къалэну къызолытэ.

Иужьрей илъэси 8-м лъабжьэ быдэ гъэтIылъа хъуащ. Урысейр дунейм и къэрал нэхъыфI дыдэхэм ящыщ хъун папщIэ, а Iамал гъуэгурыкIуэ гъэзэбгъэпын хуейщ», - къыгъэлъэгъуащ Медведевым.

Абы кIыхьигъэщащ къыпэщыт жэуаплныныгъэм и инагъыр фIыуэ къызэрыгурыIуэр, а къалэнышхуэхэр гъэзэщIа хъунымкIэ дэтхэнэ зыми и дэлэныкъуныгъэм зэрыщыгугъыр. Президенту теувэм Путин Владимир фIыщIэ хуищIащ и лэжьыгъэкIи, и щхьэкIи зэпымыууэ зэрыдиныгъам папщIэ.

«Си къалэныр махуэ, сыхьэт къэс цIыхум и сэбэн зыхэлъыр кьызэгъэпэщынырщ, абы и гъащIэр нэхъыфI щIыным телэжьэнырщ. А псор фIыуэ тлъагъу Урысейм и пащэфIм, и зыужьныгъэм, и лъэщагъым кьызгъэхьлIэ имыIэу епхащи, сызкIэ кьзэгъэнэкъым», - щыжиIащ Медведев Дмитрий зэIуцIэм.

Медведевыр и къулыкъум пэрыхьэ нэужь, Кремлым топхэмкIэ салют щатащ, иужькIэ Путин Владимирэ абырэ президент полкым и парадым еплъащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Лыхъужу Хьэжмурид Лэскэн районым и администрацэм и Iэтащхьэу ягъэуващ

Лэскэн муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъур зыльгъагъэсынур кьыхэхыным теухуауэ екIуэкIа конкурсым къыркIуаxэм япкъ иткIэ, 2008 гъэм накьыгъэм и 7-м а къулыкъум ягъэуващ Лыхъужу Хьэжмурид.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къэралым и Iэтащхьэм кьыхелъхьэ

Медведев Дмитрий премьер-министр къулыкъум иГуэвыку Путин Владимир и кандидатурэр Къэрал Думэм хунгъэльэгъащ.

Парламентым и Ищлагъ палатэм и унафэщI Грызлов Борис кьыззрыхигъэщамкIэ, абы теухуа Iэнтхэрнобэщэнджагъуэм зэхэтынущ. Президенту щытар зэрыдаIыгъыр кьыжаIащ «Зыуэ щыт Урысей», ЛДПР-м, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партхэм.

А къулыкъум теувэмэ, Путиным кьыпэщыдзащ властым и гъэзэщIакIуэ федерал органхэм я убзыхуфIэу щытынум теухуа Iуэхугъуэхэр, вице-премьерхэмрэ министрхэмрэ я кандидатурэхэр кьыхилъхьэну.

Ильэси 2-м къриубыдэу

Урысей Федерацэм и Президент къулыкъум дыгъуасэ пэрыхьа Медведев Дмитрий и япэ унафэр зыхуэгъэзар нэхъыжьыфIхэрщ.

Абы ипкъ иткIэ, 2010 гъэм накьыгъэм и 1-м ирихьэлIэу Хэку зауэшхуэм и ветеран псэри псэуIэнкIэ кьызэрагъэпэщынущ.

Хуэди 100-кIэ нэхъ мащIэщ

Варшавэ щыщIидзащ ПРО-м теухуа польшэ-американ зы чэзу зэпсэльныгъэхэм.

Зыр адрейм зэрыхуэмыдэрэзэр льэныкъуэитIми абзыщIыркъым. Польшэм кьелIыгъэ ракетэхэм зэрапэщIэт Iэмэпсымэу 10 Редзиковэ баззэм зэрыщагъэувынум пэкIуэу и къэралым и зэщIэзэда къаруэрэ зэрыщытыр къэгъэщIэрэщIэжьным хуэунэгIауэ Вашингтон зыщищIыжа къалэнхэр ямыгъэзащIэу. Варшавэ кьызэрыхигъэщымкIэ, а Iуэхум доллар мелард 14-м кьыщыщIэдзауэ 20-м нэблагъэ текIуэдэнущ.

Вашингтон кьыхуигъэлъагъэр доллар мелуани 120-рэщ. Ар зытрауухуауэ щытам нэхърэ хуэдэ 100-кIэ нэхъ мащIэщ.

(ИТАР-ТА СС).

Мы махуэхэм

Накьыгъэм и 8, *махуэку*

♦ **Жор Пльыжьымрэ Мазэ Ныкъуэ Щхьэнтlэмрэ я дунейпсо махуэщ.** 1953 гъэ лъэнэрэ ягъэлапIэ.

♦ Чехословакиер фашист зэрыпхъуакIуэхэм кьыщыIэщIагъэкIыжа махуэщ (1945).

♦ Нюрегиер хуит кьыщащIыжа махуэщ. 1945 гъэм накьыгъэм и 8-м нэмыщI-фашистыдзэхэм псальэмакьнишэу а къэралым зыщатащ.

♦ Ильэс 340-рэ и пэкIэ кьалъхуащ франджы тхалъуэ, драматург Лесаж Ален (1668 - 1747).

♦ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 49-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 20-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 31-рэ.**

Накьыгъэм и 9, *мэрем*

♦ Мы махуэм (1944) 4-нэ Жраин фронтым и дзэхэмрэ теНджыз ФIыщIэ флотымрэ Севастополь КьалэлIыхьужьыр хуит кьащIыжащ.

♦ Ильэс 15 и пэкIэ (1993) Мэзкуу и Поклоннэ бгым кьыщызэIуахащ «ТекIуэныгъэ» мемориал комплексым я япэ чэзыу.

♦ Урыс тхакIуэ, у сакIуэ, автор уэрэд жанрым и кьызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ Окуджавэ Булат (1924 - 1997) кьыщалъхуа махуэщ.

♦ **Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 48-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 21-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъынущ сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 33-рэ.**

Плlанэпэр зыгъэхьэзырар **ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи пэщэгъу и фэ къыптоуэ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ЛIАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№88 (21.246) ● 2008 гъэм накьыгъэм (майм) и 8, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

1945 ☆☆☆☆☆☆☆☆☆☆☆☆☆ 2008

1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 63-рэ щрикъум ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен цIыхуэхэм

зэрызахуигъазэр

Ветеран лъапIэхэ!

ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъуэх!

Ди къэралым лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм пщэдей ягъэтлапIэ 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 63-рэ зэрырикъур. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Правительствэм я цIэкIэ, сэ кьыздгъэдэкIыу а махуэ лъапIэмкIэ си гуапэу сохьуэхъу зауэм и ветеранхэм, тылым щылэжьаухэм, республикэм ис псоми.

Мы махуэхэм текIуэныгъэ къэзыхьа лIыхъужьхэр Хэкум егъэтлапIэ, езым и кьуэхэм, ипхъуэхэм, Iэщэ иIыгъыу къэралым и щхьэхуитныгъэр зыхьэума, жащми махуэми псэемыблэ жу фабрикхэм, заводхэм, губгъуэхэм, фермэхэм щылэжьа, зи зэфIэкIыр фронтымрэ ТекIуэныгъэмрэ ахуэзыгъэпса дэ тхэнэ зыми я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щIыхьыр еIэт.

Илъэс хьщIрэ щырэ дэкIащ цIыху тхыдэм къыщымыхъуауэ лъы куэд щагъэжа зауэ гущIэгъунщэм и иужьрей махуэм лъандэрэ. Ауэ ужьыхьыркъым, зэи ужьыхьыни хуейкъым совет цIыхубэм - текIуэныгъэ къэзыхьа цIыхубэм я лIыгъэшхуэр.

Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм я щIыхьыр мыкIуэдыжынщ! Фи къуэ хэм ди щхьэр лъахьшэу фхудогъэщхь, ди ветеран лъапIэхэ.

Кьыпхъэмыльытэным хуэдизу инщ ТекIуэныгъэм дэ щIэтта пщIэр. Зауэм ди хэкуэгъуэ мелуанипщIхэм я щхьэр хатъхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэу, и пхъуэ мин пIыщIым щIигъу зауэ гуащIэ хэм хэкIуэдащ.

Абыхэм я лIыгъэр мыкIуэдыжынщ, я фэеплъыр лIэщIыгъэхэм кьыхэнэну лъапIэщ!

Сыт щыгъуи хуэдэу, къэралым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэу мы зэманми кьонэ зауэм и ветеранхэм, тылым щылэжьаухэм ядэIэпыкъуныр. Быдэу ныжьызоIэ ветеранхэм псэукIэ тэмэм яIэн, жылагъуэ утыкум яхуэфащэн увыпIэ щаIыгъын папщIэ республикэм и къэрал властым и органхэм ахуэзфIэкI псори зэралэжьынур.

ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ сыныВохъуэхъу, ди вет еран лъапIэхэ! Фэри, фи унагъуэхэми мамырыгъэ, насып,efIэкIуэныгъэ фиIэну си гуапэщ.

ОСМАНОВЭ ФатIимэ,
КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Текlуэныгъэм и парадым.
1945 гъэ, мэкъуауэгъуэм и 22.

Гъэ къэси хуэдэу

ИЛЬЭС куэд лъандэрэ хабзэу къокIуэкI Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекIуэныгъэр щагъэльапIэм ирихьэлIэу ди хэкуэгъуэхэм ящыщу зауэм хэтахэм тыгъэ хэхахэр хуащIу. Нобэм ирихьэлIэу зауэм и ветеран республикэм щыпсэуахэр зэрыхьужыр цIыху 1948-рэщ.

КъБР-м и Президентым кьыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ, мы гъэми ди дежщыщIагъэкъуэнущ Хэкур яхьуэмэу фронтым IутахэмзауэмхэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм. Абыхэм накьыгъэм и 9-м и пэкьихуэу республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен и цIэкIэ Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ министерствэм и лэжьакIуэхэм унэм яхьуэрэ иратынущ хъуэхъу тхыгъэхэмрэ ахъшэу сом мини 5-рэ. Налшык кьалэ щыпсэу ветеранхэм «Зыуэ щыт Урысей» партымрэ кьалэ администрацэмрэ я цIэкIэ а тыгъэхэм хущIагъунущ георгиевскэ дэнлъэчхэр.

ОСМАНОВЭ ФатIимэ,
КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Хабзэу къызэрекIуэкIым тету, накьыгъэм и 9-м махуэр сыхьэт 12-м Налшык и щыгъэжащIэм къыщызэIуахынущ Хэку зауэшхуэм и щIыхькIэ щыгъажэшхуэр. Зауэм и ветеранхэр ипподромым пщIэншэу ихьэ хъунущ.

ШЫГЪАЖЭУ 5 екIуэкIынущ. ТекIуэныгъэм и махуэм и призыр (сом мин 50) кьхъыным теухуауэ зэпэуэнущ ильэси 3 зи ныбжь хуарэжр. Кавказыр зыхьумахэм я призыр (сом мин 30) кьжьыным ильэси 2 зи ныбжь шыбзхэр, 115-нэ шуудзэ дивизэм и призыр (сом мин 40) кьхъыным - ильэси 3 зи ныбжь шыхэр хэтынущ. Абы щIигъу шыхэр, КъБР-р нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэм кьызэрыIэщIагъэкIыжрэ ильэс 65-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ призыр (сом мин 40) кьхъыным - ильэси 3 зи ныбжь шыхэр хэтынущ. Псори зэхэту а махуэм хуарэ зэу 30-м нэблагъэ кьызэдэжэнущ. ЭщIагъэлIэм кьызэрахьэтэжкIэ, ягъэ кьыщынухэм яхэтыну зэущыгъуэ хъунущ «Русь» ООО-м и Гомер хакIуэ кьэбыфэр. 115-нэ шуудзэ дивизэм и призым папщIэ зэпеуэнухэм кьахэжаныкIыфынущ Пьэунэ Резуан и дзэлыкъуэ хакIуэ кьарэмрэ «Налшык» хьэлпэ заводым и Саммер Блум хакIуэ пцIэгъуэплъымрэ. Иужьрейр кьэзыгъэжэнур ильэситI лъандэрэ ипподромым щымылэжьауэ иджы кьэзыгъэзэжа шууей Iэзэ Кьэжэр Алимщ. А ильэситым къриубыдэу Алим хэтащ шыхэр жэрыгъэ кIыхькIэ кьэгъэжэным теуха зэхьэзэхуэм икIи тIэунейрэ Польшэм и чемпион хъуащ, 2005 гъэм а зэхьэзэжу ялъэуужьыкIэ Дубан эмпрэтым щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым и зэфIэкIыр щигъэльэгъуащ.

Накьыгъэм и 9-м ди ипподромым къыщагъэжэнухэм Ингушым кьрашауэ ильэситI зи ныбжь зы шыбз закъуэ хэту аращ, адрей псори Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыхухэмрэ хьэйстехэмрэ яIэщIэлъ шыщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Шар домбейр уэгум ихьэнущ

Шэрэдж куейм ТекIуэныгъэм и махуэр Гуэл щхьэнтIэхэм и Iэгъэблагъэм щагъэльапIэнущ.

МЫБЫщекIуэкIыну пэкIум ирагъэблэгъэнущ зауэм хэта ветеранхэр, районым ис нэхъыжьхэр, щIалэгъуалэр, лжьакIуэхэр. Куейм и жылагъуэхэм кьикIа уэрэджэкIакIуэхэмрэ къфакIуэхэмрэ концерт ятынущ. Майм и 9-м Гуэл щхьэнтIэхэм щаутIыпщынущ нобэм кьэс ди щIыпIэм щамылъэгъуа «Шар домбей». Ар уэгум метр 450-кIэ дэкIуейнущ, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я бзэрабгъэр фIэлъу. Шэрэдж куейм щыпсэуахэм а тыгъэр яхуищIащ Шэрэдж ГЭС-м и Къэщхьэтэу уэхуэнытхэм и унафэщI Мокаев Руслан. Апхуэдэу Гуэл щхьэнтIэхэм кьащыщэрагъэпэща «Дайвинг-центрым» гуэлым хнутIыпщхьэнущ ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу ягъэхьэзыра водолазхэр. Ахэр гуэлым ехьнущ метри 150-кIэ.

ЛЪОСТЭНМУз.

Абыхэм я фэеплъыр мыкIуэдыжынщ

«Зыуэ щыт Урысей» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм илъэс ятIуанэ хъуауэ егъэлапIэ 1942 гъэм и накьыгъэ - жэпуэгъуэ мазэхэм

51-нэ армэм хэту бийм пэщIэта 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыудзэ дивизэм и ветеранхэм.

ДыГЪУАСЭ дивизэ цIэрыIуэм и зауэлIхэм я фэеплъым и деж пэкIушхуэ щекIуэкIащ. Щууей лIыхъужьхэм я фэеплъыр ягъэлъапIэн папщIэ абы кьекIуэлIащ зауэм и ветеранхэр, «Зыуэ щыт Урысей» партым и щIыналъэ къудамэм хэтхэр, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, «Зыуэ щыт Урысейм» и Гвардие Ныбжьыщ1э» зэгуэныгъэм щыщхэр, курыт щолхэм я еджакIуэхэр, милиц1 щколым и курсантхэр.

ПэкIур къызэIуихащ «Зыуэ щыт Урысей» партым и щIыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарь Жэрыкъуэ Борис. Къызэхуэсахэм ар ТекIуэныгъэ И́ныр илъэс 63-рэ зэрырикъумкIэ ехьуэхьуащ икIи кьыхигъэщащ Хэкур щхьэмыгъазэу зыхъумахэр ар езыр зи цIэкIэ къэпсалъэ партым и деж зэрыльапIэр. Нэмыцэ фашистхэм Ростов областымрэ Къалмыкъымрэ я щIыналъэхэм щхьэмыгъазэу щапэщIэта дивизэм и къекIуэкIыкIам кIэщIу тепсэльыхьри, абы кьыхигъэщащ дивизэм хэта цIыху мин зыбжанэм ящыщу мы зэманым республикэм щыпсэур зауэлI 34-рэ фIэкI зэрымыкъужьыр. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу абыхэм ящыщ дэтхэнэми дэIэпыкъуныгъэ пыуыкIа иратынущ.

ПэкIум апхуэдэу кьыщыпсэльащ зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкъ зэщIэуэзда къарухэм, хабзэхьумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ советым и унафэщI Абдулаев Мустэфа, РОСТО-ДОСААФ зэгуэныгъэм и республикэ советым и унафэщI Iэщын Юрий сымэ. ПэкIум хэтахэр хэкIуэдахэм яхуэщIыгъащ икIи 115-нэ шуудзэ дивизэм и зауэлIхэм я фэеплъым удз Iэгъэбахэр тральхьащ.

ШУРДЫМ Мадинэ.

● Хъуэхъуэхэр

Мамырыгъэрэ зэIуцIэпэщыгъэрэ фиIэнщ

Ветеран лъапIэхэ!

«Зыуэ щыт Урысей» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарь Жэрыкъуэ Борис.

«Зыуэ щыт Урысей» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и политсоветым и секретарь Жэрыкъуэ Борис.

«Зыуэ щыт Урысей» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и политсоветым и секретарь **ЖЭРЫКЪУЭ Борис.**

Ди щхьэр яхудогъэщхь

Ди ныбжьэгъу лъапIэхэ!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ комитетыр Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, республикэм и цIыху псоми къыВохъуэхъу Накьыгъэм и 9 махуэшхуэмкIэ - ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ!

УзынщагъэкIэ, уафэ мамыркIэ, зэIуцIэпэщыгъэкIэ псоми сыфхуоупсэ.

Ди щхьэр яхудогъэщхь ди Хэкур лъапсэрыкъым щызыхъумахэм, дунейм цIыхуу тетыр фашист пщыIыпIэм къезыгъэлахэм.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым и япэ секретарь **ЩЫХЬАЛЫ Заирэт.**

Жылэр зэрыгушхуэ

Зауэм зэрыщIндзэу, Хэкур яхъумэну Къэсей-хьэблэ къуажэ дэкIауэ щытащ цIыху 442-рэ. Абыхэм ящыщу къэзыгъэззжар 144-рщ.

Мэгъэрей ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьелIэу а къуажаэм зы цIыху закъуэ къыщIэнэжауэ аращ къэзыгъэззжахэм ящыщу - ар Жанджэрий ТIэлам Цау и къуэрац. Арац мы тхыгъэр зытеуухуар.

ТIЭЛАМ 1923 гъэм Къэсейхьэблэ щыщ къызэрыгуэкI унагъуэм къыщалъхуащ. Абы и адэ-анэр республикэм социализмэр колхозхэр зэпэщIыпхьэ щыщIэ-хэм ящыщт. ТIэлам фронтым щыIуувам илъэс 19 ирикъуагъкъым илъэс.

1942 гъэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэм ТекIуэныгъэр кхахьыку зауэм Iутащ. 154-нэ фочауэ полкым пулеметчикыу Прибалтикэ фронтым къулыкъу щиIащ. Прибалтикэр, Псковы, Риги, Кенигсберги хуит къэзыщыжахэм жыджэру яхэтащ.

Сэлэт хахуэм къызэрытхьэжу занщIэу колхозым и унафэщI Мэрпэнкъул Лиуан дэж кIуащ, лэжьыгъэ къритыну елъэIуну. УнафэщIыр абы тоурыкIуэ къыщыщащ икIи лэжьакIуэхэм икъукIэ хуэныкъуэу къыщIэкIри, фермэм инуэтIащ. TIэлам абы илъэс щыщ ящыкIуэ щыщIэкIри, фермэм инуэтIащ. TIэлам абы илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ. ЩIалэр зэрыгущIафIэм гу лъитакIуэ комиссэм и Iэтащ къыхуагъэтлъэгъуащ - къэпщIатакIуэ комиссэм и Iэтащ-хьэу щытыну. А Iэнатlэм TIэлам илъэс кущдкIэ пэрытащ икIи Iуэхукlэ зыхуэзэ дэтхэнэми пщIэшхуэ хуищIу, цIыхугъэ хэлъу лэжьащ.

Нобэ нэхъыжьыфIым и бгъэм къыхуолындыкI ор-денхэмрэ медалхэмрэ.

И унагъуэ Iуэхукlэ, TIэлам и щхьэгъуэгэ Iэнатlэ илъэс 53-кIэ бгъэдэсащ. Бынибл эздагъэтат, абыхэм я бныжьу 17 дунейм кьытехьащ, къуэрылъхуэпхьрылъхуэхэм я бныжьуи 7-м TIэлам и эзэн трагъэу.

«ДунеятеорыкIэ нэхъ пылIэ дыдэу сиIэр си бын тIэкIу-мрэ абыхэм я щIэблэмрэщ, - жеIэ TIэлам.

Жанджэрийхэ я унаГъэр насыпыфIэ дыдэщ, я муращIафIэр къайхъулIэ зэпытщ.

Аращи, кущхъу псор зэрыгушхуэ "зауэлI закъуэм" ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ сехъуэхъуну сыхуэятI иджырыт къэдэр кьытхэтыну, гуфIэгъуэ, зэгурыIуэ, хуабагъэ фIэкI, нэщхьеягъуэ зэи имыIагъуну.

БЕКЪАЛДЫ Илэ.
Бахъсэн куей.

Къэсащ аргуэру гъатхэр...

МАЙОР Койчуев Иосиф Хэку зауэшхуэм жыджэру хэтащ, абы папщIэ Бэракъ Iуплъыжь орденитI, Хэку зауэшхуэм и орден, медалхэр къыхуагъэфэщащ ыцIэщ. Фронт изужьым зауэм и лIыхъужьыр гъащIэм и Iуэху кыз-эрыгуэкIэм хьихьэкащ - унагъуэ зэригъэпэщащ, быни къыщIэхъуащ. Адрей зауэлI-хэми хуэдэу, Иосиф зауэм куэд щилъэгъащ, маЩи ишэчакъым, зэрихьа лIыхъужьыгъэри (ахэр мащIэкъым) зэи лъэужьыщIэ хьунукъым.

Iуэхур къыщIекIуэжкIыр Ростов областым хиубыдэ Белая Церковь кьалэрат. ТIасхъэщIэх ротэм и лейтенант Койчуевыр 15-нэ тank дивизэм и полковник Володарскэм дежь псынщIэу ихэжаIэ. Полковникыр лейтенантым гуапэу къыIущIащ икIи мыпхуэдэу къыжриIащ:

- Iуэхур инасыпыгъуэ! Ди дивизэм щIыпIэщIэм зыщиГъэбыдхэукI, бийр тпэГэщIэу Iыгъын хуейщ. Цыху зэхуэшэсу, Iуэхум фыпрыщIэу.

Полковникым, адэм хуэдэу, Iэплъэ яхунщIыжащ унафэр яГъэзэщIэну жэщыбгъум гъэгу теувэ щIалэхэм. Iуэхур зэраубыхуам тету, Койчуевым и гупыр щIыгъуу Белая Церковь кьалэм пэмыжьыжьэ къытIысащ. Жэщым окопхэр кьатIащ, зыхуеину псори кьызэрагъэпэщри, бийм екъэу тIысыжащ. ПщIэджыжьым нэмыцхэр зэщIэузэщауэ кьаухэIэурт. Бронетранспортэрм ису къэса нэмыцхэр щIыпIэм кьеувэхри, Iэгъэублагъэм зрагъэщащ. Сыхьэт ныкъуэ хуэдизэ дэкIуэу, нэмыцым и лъэсырыкIуэдзэри къэсащ. Койчуевым идакьым зэхэуэр яблэн. Ар екъэрт бийр нэхъ гъунэгъуэ кьабГэщIыхьэн. Ягуэр я щхьэр зэтелъу ди щIынальэм къыщыщIыхьэ нэмыцхэм я нэгуэрэ хуиту пльагъу щIыхьуаращ "Фрэуэ фашистхэм!" щыжиIар. Апхуэдэм гъмащIыпа нэмыцу зауэлIхэр гуэкьеяуэ зэбгрыкьыр. Ауэ абыхэм псынщIэу кьагурыIуащ зауэлI зыбжанэм зэрагъэщтар. Iуэхур хьэлэчт - ди пулеметчикхэр псори щIым щылIт. Койчуевым унафэ ящIащ къаIэщIэна щэхэр тэмэму яГъэкIуэурэ "и кIэм нэсыху зэуэну". Апхуэдэуи ящIащ: щэр щауэм Гъщэрыбанэм хуэкIуащ. Койчуевым и закъуэт псоуэ кьэнар. Нэмыцхэм мурад ящIащ совет офицер Койчуевым зэрыщIыну икIи щIыхьищым зэуэ зыкъырадзащ. Иосиф ешэр щIыхущхуэт, Iэчльэчт. Зэ зиутхыщIри, бийхэр кIэрыщэщыжащ, и кIэрахъуэм кьинэжа щэхэр гIум тригъэщэщащ, и сэр кьрихри, ещанэ фашистым и бгъэм хиIуащ. ИтIанэ... и щхьэм зыГуэр кьеуэри... ихьуреягъкIэ кьеКIэрэхъуэкIащ...

Иосиф зыкъыщыщIэжам автоматхэр яIэщIэлъу нэмыцэ сэлэтитI кьыщхьэщытт. "ГъэрыпIэ сихуэну ара?! Ар лIэнысгъэм нэхъри нэхъ щынагъуэщ! Псом нэхъапэр - унафэ кьытхуащIар - дгъэззэщащ... Ди хэкум кьытхуигъэува унафэр дгъэззэщащ!" - арат Койчуевыр зэгупсысри а дакьикъэм.

- Иджы уэ псори кьыджепIэнущ! - гуфIэрт фашистыр.

- Сэ уIэгъэ сихьащ. Медицинэ лэжьакIуэ кьызэмыгъэпIащуэ зы псалъэ вжеIэнукъым, - япщыдащ зауэлIым.

Койчуевым жьхуIар хуащащ. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкIт, узэгум щыуфэрзэ кхъухьлатэхэр гъуахъуэрт. Фашистхэр абыкIэ дэпIыейри, я гъэрым тепIъжьукIащ. Иосиф ар кьигъэсэбэпри, зэ узэгъэкIэ жьхуаIэм хуэдэу, сэлэтхэр иридащ. Абыхэм ящыщ зым и автоматыр кьыштэри... фашистхэр эзтриукIащ. Иосиф защIэкIэ Иосиф штабым кьэкIуэжащ икIи унафэр зэрагъэзэщIар жиIащ.

Зауэм и нэгъуэщI зы теплъэгъуэ

Сталинград деж ди дзэм нэмыщIхэм халъхьа хьэлэчым иужь, бийр кьаруушIэ хьуат, ауэ ящIыну сыт хуэдэ унэм, эрамым щхьэкIи "фыщIэрт". Апхуэдэ щытыкIэ щыIэт Новороссийск. Абы генерал Пламеневскэм и 216-нэ фочауэ дивизэм зэхэуэ эпмыкур щригъэжкIыкIыр.

Койчуев Иосиф унафэ кьыхуащIащ 531-нэ лъагъэпIэмрэ Кьрым станицмрэ зыIэрэгъэхьэну. Мы унафэр зэрагъэзащIэм куэдкIэ ельытат адэкIэ дивизэм и Iуэхур зэрыхьуэр. КьызэрахутамкIэ, мы щIыпIэм куэдрэ зыщIэжьэну бийр щыгугъыт. Майор Койчуевым и дэпIыкьэгъуэгъэр щIыгъуу нубзыхуащ 531-нэ лъагъэпIэ кьызэращтэну щыкIэр.

Мазаем и 1-м щIэщIэжьыжьэ фашистхэм ятелъэлъащ щэхэмрэ топхэмрэ. Апхуэдэ зэмыгъэпIафу" бийм и яп Iущ Iэр икIуэтащ, ауэ Койчуевми щIыху куэд фIэкIуэдат. Ещанэу щебГэрыкIуэм, фашистхэр зыкI шынагъуэу кьахэурти, Койчуевым и полкыр кьыкIуэтын хуей хьуащ. Унафэщ Iхэр псынщIэу зэхуэсри, ди пулеметчикхэрэ тенджжы пехотэмрэ щIэгъэкъуэн ящIыну зэгурыIуащ икIи я мурадхэм тету бийм пежьащ. Нэмыцэхэр апхуэдизкIэ щтати, Iэгъэ хьуауэ щыIэ-хэр кьытхьанэурэ, щIэпхъуэжьыр.

Мы зэхэуэм Койчуевыр уIэгъэ хьэлъэ щыхьуат икIи абы щыхьэхьа лIыхъужьыгъэм папщIэ Бэракъ Плъыжь орденыр къыхуагъэфэщат. Ар езым кьыщиIар илъэс 20 дэкIа нэужьщ (апхуэдизэ зэман дэкIуэу къратыжауэ арац).

... УIэгъэхэр кьжжа нэужь, Койчуевым фронтым игъэзжри, Европэр бийм кьыгъэIэгъэкIыжьыным и гущIэ куэд хилъхьащ.

Къэсащ аргуэру гъатхэр. ТекIуэныгъэм лъандэрэ хьшIрэ ещанэ гъатхэр. Мелуан бжыгъэкIэ зауэм хэкIуэда ди къуэшхэмрэ ди щыпхъэхэмрэ я гъатхэр. Абыхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэмрэ кьакъуэкIа кьарымрэ дощIэж псоми.

ЗАНКИШИЕВ Хьусейн,
УФ-м и Журналистхэмрэ ТхакIуэхэмрэ я союзхэм хэт.

Къулыкъужьи щыщ зауэлI хахуэ

Зи гугъу фхуэсщIыну зауэлIым и къэкIуэжькIыкIам къулыкъужьыщэхэр фIыуэ зыщIыгъэзащ. Иджы абы и гъащIэм и1уасэ хуэсщIыну сыхуейт газетеджэхэр.

ШХУЭРЫIУЖЬ Алджэрий Къулыкъужьым ИщхъэIэр къуажэм къыщалъхуащ. Зауэм и пэкIэ ар "Фрунзе и цIэр зезыхьэ колхозым и лэжьакIуэ пашэу, комсомол организацым и секретарь щытащ. 1942 гъэм мазаем и 20-м ШхуэрыIужьыр Совет Армэм ираджащ. Алджэрий и гъусэу дэкIа и къуажагъуэкIи дэщыIгъуу 28-нэ фочауэ дивизэм и 851-нэ топгъауэ полкым хохуэ. Гъатхэпэм и 3-м Брянск деж фронтым ахэр щыIуэхьэ . Тула областым хьхьэ Мцэнск къалэм и деж Алджэрий зыхэт полкыр пльэщу бийм пэщIэуват. Пщэдджьжьыр сыкъэзи 4-м бийр дыдейхэм топхэр зуабжьу кьахуэа нэужь, къебгъэрыкIуэну къежьащ. 851-нэ артполкыр лъэныкъуэкIэ IукIуэтын хуей щыхъум, Алджэрий и унафэкIэ, я топыр къуэгурыкIри дагъуэрри, къебгъэрыкIуэ бийм топыщэхэр трагъэлъапIуэу щIадзащ. Апхуэдэ Iэмалым нэмыцхэр къаруушэ ищIат. Куэд дэмыкIыу дзэм топхэр зэрагъэкIуэм деж дэIэпыкъуэгъуэхэр къэсри, бийр зы километр хуэдизкIэ ирагъэкIуэтыкащ. А зэхэуэм хэтхэм зэрахьа лIыгъэм папщIэ псом фIыщIэ кьыхуащIат.Алджэрий абы щыгъуэщ коммунист щыхьагъхьэри.

Орел, Белград кьалэхэм я дистанцэ щыхьагъуэу, кьурыхьапIэмкIэ яхужьыт. 1943 гъэм щыщхьэм и 18-м полкым и командирым и унафэкIэ зауэлI 49-рэ «Бэгу» кьэкIыну ираГъэжьат. Гупыр Iэуэпъуэнэшу псым зэпрыкIащ. Алджэрийрэ саперымрэ япэ иту кIуэрт. Нэмыцхэм я зэщIапIэ бжьыпэм гупыр Iутт. Абы хэту пльырым хьэрэкIыпIэ дрегъэлъэтэйри, ихъуреягъкIэ яхэту кхоХьу. КIыфI зэрыхьужу Алджэрий нэмыцэ сэлэтым гъунэгъу зыхуеящI, зэ узэгъэкIэ егъэунэдращхъуэ, икIи гъэру кьащтэри къожьэж. Псым кьикIыжьыкIыр кьыщIекIуэлIэм, нэмыцым зыкъещIэж, и жьэм жьэдакуар кьыжьэдохури, зэрифIэщIэ мэкIий. КIий макъ зэхэзыха нэмыцэхэр фочкIэ хьоуэ; ауэ ди сэлэтхэмк, дауэ ящIми, гъэрыр штабым нагъэ икIи «бзэгур» унтер-офицеру кьыщIокI. Ди сэлэтхэм сэбэп кьахуэхъуэн щхэку куэд кьаращ-гъэIуэтащ абы. А лIыгъэм папщIэ ШхуэрыIужьым кьыхуагъэфэщат медаль.

Абдеж и закъуэкъым Алджэрий и лIыхъужьыгъэр къыщIэгъэльэгъуащ.

Сэлэтитl щыгъуу ар бийм епщыIат псы икIыпIэм и деж. Аэр бий дзотым ебгъэрыкIуэри, гранатитI щIидзащ икIи щIэсхэзэм ящыщу тIур зэуэ ирикIащ. Адреитыр щIэпхъуэжауэ щилъагъуащ, Алджэрий автоматкIэ якIэльыуащ... ИужькIэ дзотым мафIэ щIагъэнэри, ягъэсащ. Нэмыцхэм зыкъащIэжауэ кьакIуэрт, ауэ Алджэрийрэ и гъусэхэмрэ кьаIэрыхьа пулеметхэмрэ гранатэхэмкIэ фашистхэм я атакибри зэтрагъэзывыIащ. А псори зауэлIищым якуэзфIэкIат. Танкитl зи гъусэ нэмыцэ гупыр 8-нэ кьежьащ. Ди сэлэтхэм я зэфIэкIэхэр мащIэ дыдэ хъуат, кьаIэщIуэхэрт гранатэхэмрэ шэхэмрэ. Абдежми Шхуэрыпуужьым и зэфIэкIэхэр игъэльэгъуащ. Езыр уIэгъэ хьуа пэтрэ, къызэрехьэжьа бийм яхиутпIащхьащ гранатэу кьыIащIэнэжар, абы и унэжьIэ нэмыцхэм я пулеметэ зыЗэрихъэхьэри, зэтрикIащ. А зэхэуэм Алджэрий и закъуэ нэмыцэ сэлэтрэ офицеру 17 шиукIащ. Абы папщIи Хэку зауэшхуэ орденым и II-нэ нагъыщэ кьыхуагъэфэщауэ щытащ.

Ди кьуажэгъу зауэлI хахуэм и уIэгъэкIэр зэрыкIыжу, 147-нэ фочауэ полкым хэту Прибалтикэр хуит къэзыщIыжахэм яхэтащ. Мы Iуэхур щызэфIэкIам щыгъуэ полкым и унафэщIхэм Алджэрий фIыщIэ псалъэ куэд кьыхужаIат.

Алджэрий зауэм зыбжанэрэ уIэгъэ хьэлъэ щыхьащ, ауэ куэд дэмыкIыу дзэм хьжьажащ. Зауэр иухыу кьиГъэзэжа нэужь, бийм зэкиьута колхозыр зэфIэгъэувэжыным Алджэрий и гуащIэ куэд хилъхьащ. Псальэм папщIэ, колхозым и тхьэмадзу, иужькIэ кьуажэ Советым, гъэш фермэм я унафэщIу, колхозхэт кьызэрыгуэкIыу щытащ.

КьыхэзгъэщIыпхъэщ. КъызолIыытэ Алджэрий зауэм щыщыщым и унагъуэр партизанхэм ядэIэпыкъуэ зэрыщытари.

Сэрмакъкlэ кьикIыжу кьуажэм кьыдыхьа нэмыщэ гупымрэ партизанхэмрэ зэхуэзэри, зэхэуэ кьэхъуат. Партизанхэм ящыщ зы уIэгъэ хьэлъэу джадащым кьытенаУэ абы иритхьэлIащ шыдыгукIэ гъасынымэ щыщ Алджэрий и щхьэгъусэ ФатIимэт. А зэманым уи унэм партизан щыбгъэпщкIуныр щынагъуэмм, уIэгъэ хъуар щыдыгум кьригъэгъуалъхьэри, я унэ кьышащ икIи хъужьжу я деж щигъэIащ, я гъунэгъу медсестрар кIэлъыгъэплъу.

Апхуэдэ цIыхухэр кьыщIэхъуэ щIэблэм яцIыхун хуейщ. Алджэрий хуэдэхэр зауэлI хахуэт, хэкум и псэт. Икли кьызэсIхьэну сыкуейт. Алджэрий зытеса уэрамым абы и цIэр фIащыну.

IэхъуэбэУ Даян.
Къулыкъужьи Илщэ кьуажэ.

Куэдым иропIейтей

Щыбзыхъуэ Iэмырбий Хъэжпагуэ и къуэм и ныжьыр мы гъэм накъыгъэм и 2-м илъэс 88-рэ ирикъащ. Уигугъэнт яп1э махуэм къыщыщIэдзауэ иужьрей дыдэм нэсыху зауэм хэта икIи потребкооперацэм лIэщIыгъуэ ныкъуэм нэблагъэкIэ щылэжьа цIыхур щIэпIейтеин щымыIэу къыхуэна гъащIэр мамыру имыгъэкIуэну. Ауэ топгъауэ щыта, потребкооперацэм щIыхь зиI э и лэжьакIуэ Щыбзыхъуэр апхуэдэ цIыхуэкым.

IэмырбИй ноби фIэгъэщIэгъуэну кIэлъопль республикэм, Урысеим, абы и щIыбагъкIэ сытхэр щыхьхуэм. Урысеим и Центроспосэзым и тыгъэ нэхъ льапIэ дыдэр къызыхуагъэфэща ветераным и жагъуэ мэхъу мэкъумэщIэхэм я псэукIэр иригъэфIакIуэм и мызакъуэу, мэкъумэш хозяйствэм къэралым зыщIиужьныныкIэ сэбэпышхуэ кьэзыхьуэ щыта потребкооперацэр зэрыльэпIэрт.

Щыбзыхъуэм и зэманым мэкъумэщIщIэхэр кьалэ бззэрым кIуэрйехэтэкъым, сыту жыпIэмэ абыхэм я продукцэр потребкооперацэм и организацэхэм кьащэхэрт икIи зыхуей хъу промышленнэ IэмэпсымэхэмкIэ кьызэригъэпэщырт.

Къэббалькъпотребсоюзым и унафэщIу щытам 70-80 гъэхэр и гъэкIыжу-кIыжурэ жеIэ Къэбэрдей-Балькъэрым и колхозхэмрэ совхозхэмрэ гъавэкIэ, лыкIэ, Iэщхьэкlэмкlэ, хадэхэкlэмкlэ, пхъэщхьэмыщхьэкIэ кьызэрагъэпэщу щытар республикэм и цIыхуэхэм зэрамыгъакIуэр. Партыкъу гъэIыным щелэжь фоластэ псоми яIэрыхьэрт нарт гъавэм и жьылапхъэфIэу ди деж щагъэкIаxэр. Къэбэрдей-Балькъэрым и мэкъумэшхэкIыр ирагъашэрт Москва, Урал, Сыбырым. Уеблэмэ ди деж щагъэкIа пхъэщхьэмыщхьэр щашхырт Новорильск, ди деж кьыщрахьэлIэжа гъэкраным и жылэм Налшык хьэлвэ заводым кьыщыхьащIыкIым щIэупщIэшхуэ щиIэт Забайкалье псом.

Ветераным и гур мэуэ республикэм и мэкъумэш хозяйствэм и щытыкIэмкIэ. Абы кьелыытэ езыхэр зыхуэныкъуэхэр хэт нэхъри нэхъыфIу зыщIэ мэкъумэщышхуэм район, республикэ унафэщIхэр нэхъыбэрэ яхьыхьу щытыным сэбэпынагъ пылъыну.

Iэмырбий и гур зыхуэгъэр потребкооперацэмрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ зыIууа гугъуехьхэм я закъуэкъым. Абы и жагъуэ мэхъу, ящхьэм хуэдэу, щыхуэхэм яку зэпыщIэныгъэ дахэ, гуапагъ зэрыдэмыльхьжыр, «цIыхуЕъэ» псалъэм и пщIэр здынэсыр ахъшэкIэ кьадылтэ зэрыхьуар.

Ветераным дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ махуэхэр кьоблагъэ: ахэр Хэку зауэшхуэм зэрыщIидзэрэ илъэс 67-рэ, а зауэм ТекIуэныгъэ къызэрыкIыгъэр илъэс 63-рэ щрикъу мазэхэрщ. 75-нэ фочауэ дивизэм и 54-нэ тIасхъэщIэх батальон щхьэхуэм хэту 1941 гъэм и мэкъуэгъэгъуэ мазэм Щыбзыхьуэ Iэмырбий Брест кьалэм щыIащ. Абы и нэгу щIэкIащ бийм и бомбэхэр псом япэу а кьалэм кьызэрыгрикIутар. Киев бийм щахъыжьэн щхьэкIэ ирагъэкIуэкIа зэхэуэу хьэлъэхэр. Белоруссиемрэ Украинэмрэ я мэзхэмрэ щэдыIепIэхэмрэ кьызэранэкIыпрэ гугъуехьышхуэхэр пылъу кьыщикIуэтым совет зауэлIхэм зэрахьа хахуагъэмрэ къагъэльэгъуа лIыгъэмрэ.

Зауэм и пэ махуэр зи нэгу щэкIа икIи зэуапIэ Iэнатlэм Iуту ТекIуэныгъэм и махуэм Iуща ветераным и гум хутегъахуэркым зауэр зэхэзыублар нэмыцэхэр мыхъуу дзэгъэрэ мэхъуу, атIэ инджжылыз, американ зауэлIхэр ара хуэдэу зэрыжжIар. Ар зэгуегъэп «Штрафбат» фильмым хуэдэхэм заградительнэ отрядхэм автоматхэр кьыттраубыдэрэ бийм дагъэбгъэрыкIуэу щыгъуэ кьызэрагъэльагъуэр.

Бийм кьыкуъхурейхьа щыпIэм кьикIыжа нэужь, Щыбзыхьуэ Iэмырбий яГъэкIуэ топГъауэхэр щагъэхьэзыр курсхэм. ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэр хагъэхьэ топГъауэхэр щагъэхьэзыр отделенэм. Курсхэр бекъухри, сержант Щыбзыхьуэм 245-нэ фочауэ дивизэр хэщIапIэ хуохьу, штаб батареем яГъэкIуэ. А батареер хэтащ Калинин, Псков областхэр, Ригэ, Прибалтикэм и нэгъуэщI кьалэхэр, Польшэр, Чехословакиер нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэм кьаЪэщIэзыгъэкIыжахэм.

Зауэр иуха нэужьи сержант Щыбзыхьуэм аргуэру мазэ зыбжанэкIэ дзэ къулыкъур щрихьэхьэн хуей хьуащ Львов кьалэм. 1946 гъэм щыIыпIэм ар и хэкум къэкIуэжащ ЗэщIым хуэдэу ордену, «Хахуагъэм папщIэ», «Зауэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ», «Германием дзэзрытекIуэм папщIэ» медалхэм, зауэлI щIыхьым и нэгъуэщI дамыгъэхэм и бгъэр ягъэщIэращIэу, Бахьсэн ГЭС-м щIэ тыкуэным, дзэм ираджэн и пэкIэ сатуущIу ильэсищкIэ щылэжьам, и унафэщIу ягъэув.

И кьулыкъуэкIэ драгъэкIуэтейуэрэ, лэжьыгъэкIэ кьихь ехьулIэныгъэхэм щхьэкIэ щIыхь тхьилъхэр, медалхэр, «Щыхь дамыгъэ» орденыр кьыхуагъэфэщауэ, Iэмырбий Хьэжпагуэ и кьуэр 1971 гъэм Къэббалькъпотребсоюзым и правленэм и унафэщIу ягъэув икIи а Iэнатlэ мытынышу ехьулIэныгъэ иIэу ильэс 12-кIэ ирихьэкIащ.

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветераныр иропIейтей Америкэм и дзэ хэщIапIэхэр, нэгъуэщI дзэ хуэдизыщIэхэр Урысеим и я1эрал гъунапкъэхэм пэгъунэгъу къызэрыхуищIым. Iэмырбий егъэпIейтей СССР-р зэхэзыкьутахэм я зэран Урысеим ярагъэкIынкI. Абы кьелытэ Урысеим и цIыху псоми Хэкур фIыуэ яльагъун, кьару псомкIи ди экономикэр кьалэтын, ди армэр ягъэбыдэн хуэдизу. Псоми щыгъуэ хэунукъым льэрымыхьэр сыт щигъуи яубэрэжьу кьызэрекIуэжыр, дяпэкIи апхуэдэу зэрыщытынур», - жеIэ абы.

Адрей ветерэнхэми, и лэжьэгъуэ щыта куэдми хуэдэу, сэри Iэмырбий Хьэжпагуэ и кьуэм сохьуэхьу Май махуэщIрихьэмкIи езыр кьыщалъхуа махуэмкIи. Сыкуейщ и кьуэрыльхъ-пхъурыльху, абыхэм кьалъхужа куэдым яхэсу насыпрэ гуфIэгъуэкIэ гъэщIа ильэс куэд дяпэкIи кьигъэщIэну. Ильэс 88-м щегъэжьауэ ильэси 100-м рнэсыр апхуэдэу зэман кIыхьыкьым. АдыгэлI нэсым дежкIэ ильэсищэри гъунапкъэхьым.

ПОЛИЩУК Иван,
Хэку зауэшхуэм и ветеран, отставкэм щыIэ майор.

Щоджэн (ЩоджэнцIыкIу) Николай и лъэужьыфIыр

Сэмэгумкlэ къыщыщIэдзауэ: **Геттуев Максим, Евтушенко Николай, СССР-м и Маршал Бобаев Иван, Щоджэн Николай сымэ КПСС-м и 24-нэ съездым щыIэу.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым фIыуэ къыщацIыхуу, куэрдым пшIэ кьыхуащIу, унафэщI Iущу, кьызэгъэпэщащ кIуэфIу щытащ мы тхыгъэм зи гугъу щыфхуэтщIыну лIы гъуэзэджэр - Щоджэн (ЩоджэнцIыкIу) Николай Къасым и къуэр. Гу зылъытапхъэщ абы и унэцIэр «дыкъуакIуэ» хуэдэу зэрыщытыр. Абы и щхьэусыгъуэри дыбзыщынкъым.

Япэрауэ, дыхуейщ ди тхыгъэм кьыхэдгъэщIну Николай и адэ Къасым диным и лэжьакIуэ цIэрыIуэу, куэдрэ фIэлIыкIыу, жеIэ, дэмщIакIуэ хъарзынэу кьызэрыгъэгурыкIуар, ар революционер хахуэхэу Къатхъэн Назир, Мыд Зэрэкъуш, Абенкъуэ Алий сымэ зэрагъэпэщт, трудкIэ властыр ди щIыпIэм щыгъэувыным зэрыхэлIыфIыхьар. Къасым хущIэкъуащ щэрихьэт хабзэхэр зэрихьэмэным, ахэр я тегъэщIапIэу, цIыху зэхуэщытыкIэщIэхэр къызэрыгъэщIащ. Япэ щIыпIэ властыщIэм дыныгъуу щыта апхуэдэ жэрдэмхэр хуэмхуэмурэ «кьыжьэдакьуащ», икIэм-икIэжьым зэранытэ зыпылъу, щыгъэIэн хуэмейхэм ящыщу къыщIрагъэздзыжащ.

